

KONEKSYON

Yon Bilten Enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

FEVRIYE 2018

Volim 10, NIMEWO 40
SA KI LADAN:

- "Alumni Hall of Fame" (Lis Ansyen Elèv Selèb)
- Meyè Pwofesè pou Ane a
- Aprantisaj sou Entènèt

ENSKRI KOUNYE A E KOURI POU EDIKASYON 7 AVRIL! #MIAMISUP5K



Sipòte ekip lekòl ou a! Enskri nan <https://www.athlinks.com/event/superintendents-5k-challenge-walkrun-167578>

NOUVO ESTIDYO ANREJISTREMAN NAN MIAMI ARTS STUDIO 6 -12

Fondasyon José Milton fè resamman yon donasyon \$100,000 pou yon estidyo anrejistreman nan Miami Arts Studio at Zelda Glazer 6-12 nan Zelda Glazer. Yo sèvi ak fon yo sèlman pou achte e enstale ekipman e mete anplas ansanm ak mentni Estidyo Anrejistreman Fondasyon José Milton nan MAS.

Espas anrejistreman dènye kri a se sèl estidyo pwofesyonèl ki ap fonksyone nan yon lekòl



Ieta e l ap ouvri pou tout elèv M-DCPS kòmanse ann avril. Fondasyon an bay estidyo a fon tou pou l gen yon atis an rezidans ki pral travay avèk elèv yo pou pwodui, anrejistre e distribye mizik yo.

DAT AK
ENFÒMASYON
ENPÒTAN

15 fevriye -Jounen lekòl regilye (avan sa li te yon Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon)
19 fevriye -Jou Tout Prezidan (All Presidents' Day)
25 fevriye-Fwa Kolèj Nasional
23 mas-Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

REYINYON KOMISYON
KONSEY LEKÒL

21 fevriye
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

21 mas
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

25 avril
10:00 dimaten
Sesyon Konferans:
Zòn Prezans pou
2018-2019

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye;
Lekti Inisyal – Zòn
Prezans pou
2018-2019

'ALUMNI HALL OF FAME'



Yo te onore twa ansyen elèv ekstrawòdinè pou akonplisman ak travay fòmidab yo nan domèn medya, biznis, ar ak amizman, nan entegre yo nan "Alumni Hall of Fame" (Lis Ansyen Elèv Selèb) M-DCPS.

Yon Ansyen Elèv Distenge-Yo rekonèt Chuck Todd, moderatè "Meet the Press (MTP)" (Rankont ak Laprès). Todd se yon gradye Miami Killian Senior High School. Biznis- Thomas M. Cornish, Ofisyè Anchèf Operasyon nan BankUnited. Cornish te yon ansyen elèv Miami Central ak Miami Edison Senior High School e li te resevwa GED li nan Lindsey Hopkins Adult Education Center.

Ar ak Amizman- Lourdes Lopez, Direktris Atistik nan Miami City Ballet. Lopez te yon ansyen elèv Shenandoah Junior High ak Coral Way Elementary School.

YO NONMEN MOLLY DIALLO WINTERS MEYÈ PWOFESÈ M-DCPS POU ANE A



Yo nonmen Molly Winters Diallo, yon pwofesè Syans Sosyal nan Alonzo and Tracy Mourning Senior High School, Meyè Pwofesè Francisco R. Walker pou Ane 2019 la nan Miami-Dade County nan yon seremoni ki te fèt mwa pase a.

Kat finalis te nan konpetisyon ane sa a pou tit sa a anpil moun ta renmen ranpòte, ki te gen ladan yon kandida nan youn nan chak twa reyion Distri a, e youn nan Edikasyon Altènatif/Adilt.

Pandan 20 ane li kòm pwofesè, 13 nan yo nan Lekòl Eta Miami-Dade County,

Kòm yon adopte e yon manman adoptif, Molly Winters Diallo wè mond lan tankou yon salklas e tout moun tankou fanmi.

Diallo te fè gwo enpak sou lavi anpil elèv, nan ede yo atenn potansyèl akademik yo ansam ak apwofondi konpreyansyon yo sou fòs ki ap fòje lavi yo, peyi a, ak mond lan. Anpil nan elèv li yo te regilyèman fè nòt ki depase mwayèn global la nan egzamen Fen Kou Istwa Etazini ak egzamen Plasman Avanse Sikoloji ak Jewografi Imen. Pami travay Diallo te prefere bay elèv li yo,

genyen yon "scavenger hunt" (chas trezò) atravè konte a ki ankouraje elèv eksploré divès katye e fè koneksyon jewografik.

Diallo ankouraje elèv li pou yo etidye aletranje pandan yo nan kolèj e li travay avèk yo pou aplike eksperyans sa yo. Yo te chwazi senk nan elèv li yo pou pwogram ki trè konpetitif pou jèn lidè Depatman Deta finanse nan peyi Kanbòdj ak Endonezi. Gen yon lòt elèv ki te pase twazyèm ane lekòl segondè li nan peyi End kòm yon pati nan 'Kennedy-Lugar Youth Exchange and study Abroad.'

PLAN EKONOMI FLORID POU PEYE KOLÈJ DAVANS



Li pa janm two bonè pou ekonomize pou kolèj. Anfèt, pi bonè yon fanmi kòmanse ekonomize, se mwens l ap gen pou peye pa mwa. Nou vle asire n ou resevwa enfòmasyon konsènan yon opsyon pou fè ekonomi pou kolèj ki abòdab, fleksib ki gen garanti Eta Florid, e ki ede plis pase 450,000 elèv ale nan kolèj.

"Florida Prepaid College Plan" (Plan Florid pou Peye Kolèj Davans) ofri senk plan pou peye ekolaj Davans pou akomode yon varyete bidjè. Bloke yon plan ekolaj pou lavni avèk garanti ki ap kòmanse a \$47 pa mwa. Enskri 28 fevriye oubyen avan pou w pwofite pri sa yo pandan peryòd Enskripsyon ki Ouvè kounye a.

Fè ekonomi pou kolèj ka senp, abòdab e san estrès nan myfloridaprepaid.com. Itilize kòd pwomosyon SUP1718 lè w ap enskri 28 fevriye oubyen avan e ekonomize mwatye nan frè aplikasyon an!

PREZANS ENPÒTAN

Pou ede ptit ou a fè maksimòm efò nan lekòl, li dwe kenbe yon prezans ki trè wo.

Men kèk konsèy ki ka ede paran:

1. Asire w ptit ou a rive lekòl alè e li evite kite lekòl avan lè.

- Toude ka deranje pwosesis ansèyman ak aprantisaj la.
- Leson pou jounen an depann de konpreshyon enstriksyon ki te fèt yè.

2. Pwograme randevou doktè ak dantis nan kòmansman/fen jounen an oubyen nan yon jou elèv la pa lekòl.

3. Elèv ap toujou pan grip ak lafyèv, men sa pa vle di yo oblige rate jou lekòl.

• Kolabore avèk lekòl la si pitit



ou a bezwen medikaman oubyen gout pou grip pou l ka konfòtab pandan jounen an.

4. Suiv prezans ptit ou a nan itilize Pòtal Paran an.
• Si w bezwen èd avèk Pòtal

Paran an, silvouplè kontakte lekòl ptit ou a.

5. Gen 180 jou lekòl. Nou ankouraje fanmi yo pou yo pran vakans pandan jou vakans, ivè e/oubyen prentan.

Lekòl Leta Miami-Dade County pibliye dat, adres ak lè gradyasyon li yo pou 2018. Seremoni gradyasyon pou ane sa a ap fèt kòmanse 30 me jiska 7 jen.

Pou telechaje pwogram nan vizite:

http://pdfs.dadeschools.net/students/grad_schd_18.pdf

#MDCPSGRAD



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Komisyón Konsèy
Lekòl Miami-Dade
County, Florid


Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipètentandan Lekòl yo

Bryce Febres
Konseye Elèv nan Komisyón
Konsèy Lekòl la

APRANTISAJ SOU ENTÈNÈT

KONEKTE APRANN PLIS



Akademi sou Entènèt Miami-Dade ofri elèv yon pwogram edikasyonèl global K-12 aplentan sou Entènèt ki ofri enstriksyon nenpòt lè nenpòt kote.

Enskripsyon pou ane lekòl 2018-2019 la ap kòmanse 13 mas e l ap fini 20 jiyè a 11:59 diswa.

Pou plis enfòmasyon, vizite <http://mdo.dadeschools.net>.

KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Primè: Ede ptit ou itilize Bwat 'In' ak 'Out'!

Segondè: Estrateji pou Siksè Timoun ki gen Andikap pou Aprann
Pou plis resous, vizite

<https://www.engagemiamidade.net/e-tips-for-parents>

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisiye Anchèf Kominikasyon